

## SANT POU SÈVIS MEDICARE AK MEDICAID

Òganizasyon Swen Responsab ak ou: Kesyon Moun ki gen Medicare Poze

### Souvan (FAQ)

Doktè w fè anpil efò pou ba ou bon jan kalite swen, men li ka yon defi pou li kenbe enfòmasyon yo. Medicare vle asire ke tout doktè gen resous ak enfòmasyon yo bezwen pou koòdone swen ou.

Se poutèt sa nou ap travay ak anpil doktè, lopital, ak lòt moun ki ap bay swen sante ki decide pou yo travay ansanm pou bay swen sante ki pi bon, pi koòdone. Yo decide pou patisipe nan **Òganizasyon (Akò) Swen Responsab (ACOs)**.

Si doktè w, moun k ap bay swen sante, oswa lopital decide pou li koòdone avèk lòt doktè nan yon ACO, ou pral benefisye paske doktè yo pral fè pati yon pi bon ekip. Yo pral travay ansanm pou fè ou jwenn bon swen nan bon moman bon anviwonman.

**Si doktè m nan nan ACO, èske m ka toujou wè nenpòt doktè mwen vle?**

Absoliman—si doktè w la fè pati yon ACO, ou ka toujou wè nenpòt moun ki bay swen sante ki asepte Medicare. Okenn moun —ni doktè w la, ni lopital ou a —pa ka di w ki moun ou dwe wè.

**Èske yon ACO se yon Òganizasyon Antretyen Medikal (HMO), òganizasyon k ap jere swen oswa yon konpayi asirans?**

Non. Yon ACO se yon gwoup doktè, lopital ak lòt moun ki bay swen k ap travay ansanm pou bay swen ki pi bon, pi koòdone. Doktè ak lopital ki nan yon ACO kominike a vè w **epi** youn ak lòt pou asire ou jwenn swen ou bezwen lè ou malad, ak sipò ou bezwen pou w rete byen epi an sante **2**

Yon ACO pa yon HMO, yon òganizasyon jesyon swen ni yon konpayi asirans. Kontrèman ak HMO yo, jesyon swen, oswa kèk plan asirans, yon ACO pa ka di w ki moun k ap bay swen pou w wè ni l pa ka chanje benefis Medicare ou yo. Si doktè w la patisipe nan yon ACO Medicare, ou toujou gen dwa pou w chwazi doktè oswa lopital ki asepte Medicare nenpòt ki lè.

**Kòman m ap fè konnen si doktè m nan fè pati yon ACO? A kisa mwen dwe atann si doktè m nan fè pati yon ACO?**

Si doktè w la chwazi pou fè pati yon ACO, y ap fè konn sa. Avi sa kapab yon lèt, yon enfòmasyon ekri yo ba ou lè ou ale wè doktè w la, yon afich yo mete nan yon lopital, oswa li kapab yon konvèsasyon doktè w la pran ak ou pwochè fwa wale wè l.

Si ou pa si doktè w la oswa moun k ap ba w swen an patisipe nan yon ACO Medicare, mande li. Pou plis enfòmasyon sou ACO yo rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) 24 è sou 24 / 7 jou pa semèn. Itilizatè TTY (moun ki gen pwoblèm tande) yo dwe rele 1-877-486-2048.

Aprè yon tan, si w wè yon doktè ki patisipe nan yon ACO, w ap ka konn sa:

- Ou ka pa bezwen ranpli anpil fòm medikal ki mande pou menm enfòmasyon yo.
- Tout moun k ap bay swen sante ou wè yo konnen pwoblèm sante w paske yo kominike youn ak lòt.
- Ou pap bezwen fè menm tès medikal yo plizyè fwa paske yo pataje rezilta w yo antre yo nan ekip swen sante w la;
- Moun k ap bay swen ki patisipe nan ACO pral vin patnè ak ou nan pran desizyon sou swen w.
- Men bagay **ki pap** chanje paske doktè w la fè pati yon ACO:
- Sa w ap peye, benefis Medicare ou, oswa sa yo peye pou ou pap ogmante;
- Dwa pou w chwazi nenpòt lopital oswa doktè ki asepte Medicare, nenpòt lè pap chanje menm kant lopital sa oswa doktè sa pa fè pati yon ACO.<sup>3</sup>

Kèk nan ACO yo ka anplwaye moun pou ede tcheke swen w. Yo ka rele w apre yon randevou oswa yon pwosedi pou asire ke w konpran kòman pou w pran medikaman yo oswa pran randevou pou swiv. Yo pral pataje tou enfòmasyon ak doktè w la pou asire ke w jwenn bon jan swen.

### **Ki dwa mwen genyen si doktè m nan fè pati yon ACO?**

Ou pral kontinye resevwa menm dwa moun anba Medicare yo ap jwi. Pou ede w jwenn swen pi byen koòdone, Medicare pral pataje enfòmasyon medikal ou yo ak doktè ACO w yo, ki gen ladann kondisyon medikal ou yo, preskripsyon, ak vizit doktè w yo. Sa enpòtan pou ede ACO kenbe ak swen medikal ou yo epi swiv kòman ACO ap fè pou kenbe w an sante epi ede w jwenn bon jan swen.

Enfòmasyon prive w enpòtan anpil pou nou, kidonk, ou ka chwazi pou retire non w ak lòt enfòmasyon pèsònèl ou nan enfòmasyon Medicare ap pataje ak doktè w lè w fè youn nan bagay sa yo:

- rele 1-800-MEDICARE (itilizatè TTY yo dwe rele 1-877-486-2048); oswa
- siyen fòm ki disponib nan biwo doktè w la oswa lòt moun k ap swen w yo, ou ka resevwa l tou nan men doktè w la pa lapost.

Si w resevwa yon lèt ki soti nan men doktè w la, sauf si ou fè youn nan etap sa yo, yo pral kòmanse pataje enfòmasyon medikal ou otomatikman kòmanse 30 jou a pati de lè ou resevwa avi a.

Medicare pap pataje enfòmasyon sou okenn moun ki te janm resevwa tretman pou alkòl oswa abi dwòg san l pa resevwa pèmasyon ekri. Si w resevwa tretman pou alkòl oswa abi dwòg epi ou vle pou Medicare pataje enfòmasyon sa yo ak doktè ACO w la konplete Fòm "Alcohol or Substance Abuse Medical Data Sharing" nan epi poste l.

Kòmanse nan 2013, Medicare pral swiv tou moun ki gen Medicare yo pou poze yo kesyon sou eksperyans yo kòm pasyan yon doktè ki fè pati ACO Medicare la. Kòm lè ap pwoche, ou pral jwenn yon lèt pou fè w konnen sondaj la serye. Medicare pral sèvi ak repons ou pou asire ke w jwenn bon jan kalite swen. 4

## **Kilès ki ka li enfòmasyon medikal mwen yo? Epi èske I ap an sekirite?**

Gwoup doktè, lopital, ak lòt moun k ap bay swen k ap travay ansanm nan ACO pral kapab li dosye medikal ou, ansanm ak lòt anplwaye nan biwo a ki otorize pou ede koòdone swen.

Konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon medikal ou pwoteje anba la lwa Federal. Kontakte biwo doktè w la pou plis enfòmasyon sou kòman yo pwoteje enfòmasyon medikal ou, oswa rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) 24 sou 24 /7 jou pa semèn. Itilizatè TTY (moun ki gen pwoblèm tande) yo dwe rele 1-877-486-2048.

## **Kòman yon ACO ka fè mwen jwenn pi bon swen?**

Lè moun ki bay swen yo gen aksè ak enfòmasyon medikal ou epi gen posibilite pou yo pataje yo youn ak lòt, yo ka ba ou swen ki pi bon, pi koòdone. Chak doktè yo pral non sèlman konnen pwoblèm sante ke yo trete yo, yo pral gen ide pi konplè de kondisyon sante w nan pale ak lòt moun k ap ba w swen yo.

Si moun k ap ba w swen yo fè pati yon ACO, avèk le tan, ou ta dwe wè swen sante w pi koòdone lè objektif ACO a se ba w swen ak satisfaksyon.

## **Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou ACO yo?**

Pou plis enfòmasyon konsènan ACO yo, ou ka fè sa ki vin anba yo:

- Vizite [www.cms.gov/ACO/](http://www.cms.gov/ACO/).
- Vizite [www.Medicare.gov/ACO](http://www.Medicare.gov/ACO).
- Pale ak doktè w.
- Rele 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) 24 è sou 24/ 7 jou pa semèn. Itilizatè TTY dwe rele 1-877-486-2048.

Pwodi CMS Nimewo. 11588 Octòb 2011